



Pou Piblikasyon Imedya: 4/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 300 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON
ETA POU AMELYORASYON NAN ENFRASTRIKTI DLO LOKAL**

Yo te bay 175 milyon dola pou kominote jistis anviwòmantal yo

***Finansman yo e bay atravè Eta New York nan tout 10 rejyon devlopman ekonomik
yo***

EFC te bay plis pase 900 milyon dola nan sibvansyon dlo eta ane sa a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo bay kominote yo prèske 300 milyon dola atravè pwogram Sibvansyon pou Amelyorasyon nan Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement Grant, WIIA), Sibvansyon Entèminisipal, Sibvansyon pou Inovasyon Ekolojik, ak Sibvansyon Planifikasyon Enjeniri pou finanse pwojè enfrastrikti dlo enpòtan atravè Eta New York. Sibvansyon Kòporasyon Enstitisyon Anviwòmantal Eta New York bay yo fè pati angajman enpòtan nan peyi a pou modènize sistèm dlo ak egou ki vye yo nan bay resous finansye minisipalite yo bezwen pou yo antreprann pwojè enpòtan yo ki inik nan yon jenerasyon. Sibvansyon sa yo pral sipòte pwojè enfrastrikti dlo ki totalize plis pase 1 milya dola ki pwoteje dlo potab kont risk pwodui chimik toksik yo, ogmante rezistans kominote a kont inondasyon, rejyonalize sistèm dlo, sipòte ekonomi lokal yo, epi ki enpòtan anpil pou pwoteje sante piblik ak anviwònman an. Yo prevwa sibvansyon yo pral ekonomize kontribyab lokal yo anviwon 1 milya dola.

"Sibvansyon yo enpòtan anpil pou ede kominote yo antreprann pwojè enfrastrikti anviwòmantal ki enpòtan anpil pou sante ak byennèt Nouyòkè yo, rezistans kominote bò rivaj yo, ak devlopman ekonomik ki sipòte endistri, biznis ak mèt kay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou fyè pou nou sipòte minisipalite yo avèk yon nivo finansman istorik pou amelyorasyon enfrastrikti dlo yo, epi n ap kontinye efò nou pou modènize enfrastrikti nou yo epi bay sistèm dlo ki san danje epi serye pou jenerasyon k ap vini yo".

Anons jodi a make dezyèm anons prim Sibvansyon pou Amelyorasyon nan Enfrastrikti Dlo (WIIA) ane sivil sa a, sa ki mennen nan prim sibvansyon total EFC pou enfrastrikti nan dlo eta a pou prèske 900 milyon dola an 2022. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, [yo te anonse sibvansyon WIIA ak IMG ki totalize 600 milyon dola nan mwa avril la.](#)

Lis benefisyè ki disponib selon pwogram nan:

- [Amelyorasyon nan Enfrastrikti Dlo \(WIIA\) ak Sibvansyon Entèminisipal \(IMG\)](#): Yo te akòde 279.3 milyon dola pou 73 pwojè
- [Pwogram Sibvansyon Inovasyon Ekolojik \(GIGP\)](#): Yo te akòde 15.8 milyon dola pou 8 pwojè
- [Sibvansyon pou Planifikasyon Enjeniri \(EPG\)](#): Yo te akòde 3 milyon dola pou 70 pwojè

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) yo, Maureen A. Coleman, te deklare, "Sibvansyon EFC yo se yon mak karakteristik investisman solid Eta New York ki pi enpòtan nan peyi a nan anviwònman an, ki pral ede minisipalite yo investi yon fason abòdab nan pwojè amelyorasyon nan enfrastrikti dlo yo. Non sèlman sibvansyon sa yo ede lanse aktivite pou 81 pwojè bon jan kalite dlo atravè Eta New York, men sibvansyon pou planifikasyon enjeniri yo pral ede tou devlope 70 pwojè ki bon ak byen konsevwa nan nivo fiskal. EFC kontan bay plis pase mwatye nan sibvansyon total pou kominote ki defavorize yo epi plis angajman Gouvènè Hochul pran pou jistis anviwònmantal la".

Prezidan Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Reparasyon ak amelyorasyon enfrastrikti dlo ki vye yo non sèlman pwoteje kalite dlo a, li amelyore abita yo epi ranfòse kapasite kominote yo pou yo adrese enpak klima nan adapte yo ak gwo tanpèt ak inondasyon. Investisman Gouvènè Hochul te fè nan bidjè ane sa a ak gwo finansman sibvansyon yo akòde jodi a ap asire amelyorasyon enpòtan sa yo aplike epi yo pral benefisye sante piblik ak anviwònman nou an pou jenerasyon k ap vini yo".

Komisè Depatman Sante a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Aksè a dlo potab ki pwòp, san danje se yon eleman esansyèl nan kominote ki an sante yo. Avèk investisman sa a nan enfrastrikti dlo, Gouvènè Hochul ap montre yon lòt fwa ankò angajman solid li pou pwoteje ak amelyore sistèm livrezon dlo potab nou yo, epi pou pwomouvwa yon anviwònman ki an sante ak pwòp pou tout Nouyòkè yo".

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Anba direksyon Gouvènè Hochul, New York kontinye investi nan enfrastrikti esansyèl ki pral founi dlo potab ak san danje pou tout Nouyòkè yo. Investisman istorik 300 milyon dola sa a enpòtan anpil pou minisipalite atravè Eta New York yo modènize rezo enfrastrikti dlo yo epi aplike pwojè rezistans ki ede amelyore kapasite pou reziste kont move tan epi kontinye bay resous vital ak pwòp sa a pou byennèt Nouyòkè yo".

AMELYORASYON NAN ENFRASTRIKTI DLO (WIIA) AK SIBVANSYON ENTÈMINISIPAL YO

Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal eta a te bay 279.3 milyon dola nan sibvansyon WIIA ak IMG ki pral sipòte apeprè 1 milya dola nan depans total pwojè yo.

PWEN FÒ PRIM WIIA/IMG

Yo te akòde plis pase mwatye nan finansman WIIA/IMG faz sa a bay kominote jistis anviwònmantal yo.

EFC angaje l pou l bay kominote ki pi bezwen l yo bon jan kalite dlo. Yo akòde sibvansyon ki totalize plis pase 158 milyon dola bay 22 pwojè dlo pwòp ak 14 pwojè dlo potab ki sitiye nan kominote jistis anviwònmantal yo.

Yo te akòde plis pase 115.5 milyon dola pou amelyore sistèm dlo potab yo.

Minisipalite atravè Eta New York yo pral resevwa sibvansyon pou pwojè ki gen ladan konstriksyon nouvo kanalizasyon dlo, amelyorasyon nan chato dlo, ekstansyon sistèm ak pwosesis pou trete kontaminan k ap parèt yo.

Egzanp pwojè dlo potab ki te resevwa sibvansyon yo gen ladan:

- **Vilaj Tupper Lake nan Konte Franklin (North Country)** resevwa 4.8 milyon dola pou amelyorasyon nan apwovizyonman dlo, ki gen ladan pwosesis tretman.
- **Vilaj Watkins Glen nan Konte Schuyler (Southern Tier)** resevwa 2 milyon dola pou amelyorasyon nan sistèm dlo pou amelyore operasyon, ki gen ladan amelyorasyon nan sistèm priz dlo brit, filtrasyon ak kontwòl nan izin tretman dlo, depo dlo ki fini ak ranplasman kanalizasyon dlo ki vye yo.

Yo te akòde yon lòt 31.9 milyon dola bay pwojè ki gen ladan sistèm tretman amelyore pou rezoud pwoblèm kontaminan emèjan yo.

Rezèv finansman sibvansyon adisyonèl sa a ankouraje pwojè dlo potab yo ki trete kontaminan emèjan yo ki pi wo pase Nivo Kontaminan Maksimòm (Maximum Contaminant Level, MCL) Eta a detèmine. Kontaminan emèjan yo se pwodui chimik, tankou sibstans pèfliyowoalkil (PFAS). Pwodui chimik sa yo yo te itilize nan twal pou enpèmeyabilizasyon, sèten mous pou anpeche dife ke ponpye pwofesyonèl itilize, ak vesò kwizin ki pa adezif, pami lòt aplikasyon. PFAS dekonpoze tou dousman nan anviwònman an epi nan sèten ka yo te kontamine rezèv dlo pou bwè ki mennen nan enkyetid sou ekspozisyon ak risk sante. [DOH ap aksepte kounye a kòmantè piblik sou nouvo règleman yo pwopoze](#) ki etabli nouvo estanda pou dlo potab pou 23 kontaminan emèjan yo.

Sis pwojè nan Long Island yo te resevwa sibvansyon pou konstwi sistèm tretman ki trete kontaminan emèjan ki depase MCL la. Long Island prèske depann nèt de yon sèl sous akifè epi ede founisè dlo yo pwoteje sous dlo souteren ki presye ak inik sa a se yon bagay enpòtan anpil pou asire plizyè milyon moun nan Konte Nassau ak Suffolk gen dlo potab pou yo bwè. De pwojè nan rejyon Mid-Hudson te resevwa sibvansyon sa yo tou.

Egzanp pwojè sa yo enkli:

- **Vil Hempstead nan Konte Nassau (Long Island)** resevwa 8.1 milyon dola pou tretman PFAS amelyore nan Bowling Green Wells 1 ak 2 ke yo te resamman retire an sèvis. Pwojè sa a gen ladan konstriksyon yon sistèm tretman echanj iyon pou elimine PFAS ak ba nivo pèklorat, ki pral pèmèt pi sa yo reprann sèvis epi pèmèt distri dlo a satisfè demann dlo li yo.
- **Vilaj Nyack nan Konte Rockland (Mid-Hudson)** resevwa 2.7 milyon dola pou tretman PFAS/PFOA nan izin dlo a, ki gen ladan konstriksyon yon sistèm tretman chabon aktif granilè.

Yo akòde plis pase 92.5 milyon dola pou pwojè amelyorasyon dlo ize ki pral amelyore kalite dlo ak redui risk potansyèl pou sante piblik ak anviwònman an.

Egzanp pwojè sa yo enkli:

- **Otorite Egou Buffalo nan Konte Erie (Lwès New York)** resevwa 18.6 milyon dola pou modènize sistèm tretman primè nan Izin Trètman Dlo Ize Bird Island lan pou pwochen pwojè a nan plan kontwòl alontèm li pou amelyore kalite dlo nan Rivyè Niagara.
- **Vil Richmondville nan Konte Schoharie (Mohawk Valley)** resevwa 2.7 milyon dola pou etabli egou nan yon zòn ki gen sistèm septik ki defayan ak polyan dokimante nan modèl dlo sifas yo.
- **Vil Kendall nan Konte Orleans (Finger Lakes)** resevwa 1.7 milyon dola pou konstwi yon sistèm egou piblik pou ranplase sistèm septik yo bò Lak Ontario epi voye dlo trete dlo ize a nan yon enstalasyon nan Konte Monroe ki egziste.

Yo te akòde Sibvansyon Entèminisipal (IMG) yo pou de pwojè pou kominote yo k ap travay ansanm pou amelyore kalite dlo:

- **Otorie Dlo ak Egou Konte Wayne (Finger Lakes)** resevwa 30 milyon dola pou pwojè Izin Tretman Dlo Ize Rejyonal Lwès la. Yon izin rejyonalize pral sèvi Vilaj Palmyra ak Vil Palmyra yo, Macedon, Marion ak Walworth epi elimine twa izin ki egziste yo.
- **Ajans Devlopman Endistriyèl Herkimer (Mohawk Valley)** resevwa 9.3 milyon dola pou konstwi Konduit Transmisyon Dlo Rejyonal Mohawk Valley. Yon konduit transmisyon rejyonal pral bay dlo potab bon jan kalite ki fyab ki soti nan Otorite Dlo Mohawk Valley a pou sèvi Vilaj Herkimer, Ilion, ak Frankfort, ak Vil Herkimer ak Schuyler. Tout kominote k ap patisipe yo bezwen yon nouvo sous dlo potab prensipal oswa rezèv, ke pwojè sa a pral bay.

PWOGRAM SIBVANSYON POU INOVASYON EKOLOJIK AK PLANIFIKASYON ENJENIRI

EFC pral akòde plis pase 18.8 milyon dola pou pwojè yo atravè Pwogram Sibvansyon pou Inovasyon Ekolojik ak Planifikasyon Enjeniri yo. Finansman an fè pati Faz XII inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè a.

PWEN FÒ SOU GIGP / EPG

Yo te akòde tout finansman GIGP 15.8 milyon dola nan faz sa a bay kominote jistis anviwòmantal yo pou pwojè enfastrikti vèt pou dlo lapli .

GIGP sipòte pwojè toupatou nan Eta a ki itilize konsepsyon enfastrikti vèt pou dlo lapli ak teknoloji vèt. Yo bay sibvansyon konpetitif pou pwojè ki redui efè chanjman klimatik atravè aplikasyon pratik vèt yo, ki gen ladan enfastrikti vèt pou dlo lapli ansanm ak efikasite enèjetik ak efikasite idwolik.

Egzanp pwojè ki resevwa sibvansyon yo enkli:

- **Konsèy Dlo Albany nan Konte Albany (Distri Kapital)** resevwa 2.7 milyon dola pou reyabilite teren baskètbòl avèk chose pèmeyab, byoretansyon ak pyebwa dlo lapli nan youn nan pati nan vil la ki pi defavorize. Pwojè a pral ede redwi inondasyon lokalize yo ak debòdman egou inite rive nan Rivyè Hudson.
- **Depatman Pwoteksyon Anviwòmantal Vil New York** la resevwa 3 milyon dola pou transfòme plizyè lari pou tounen lari vèt nan Jamaica Queens. Vil la pral modènize tè plen yo avèk pyebwa byoretansyon ak dlo lapli pou ede diminye inondasyon lokalize ak debòdman egou konbine yo.

EGP pral finanse 3 milyon dola nan depans enjeniri pou ede lanse planifikasyon 70 pwojè enfastrikti pou dlo pwòp. Plis pase mwatye nan EPG yo te ale jwenn kominote jistis anviwòmantal yo.

Sibvansyon planifikasyon yo ap bay nan yon moman apwopriye pou ede kominote yo prepare pou yo aplike pou finansman federal Lwa sou Enfastrikti Bipatit la, kote pifò pral pase atravè pwogram Fon Woulman Eta a ke EFC ap administre. Sibvansyon planifikasyon yo ede finanse devlopman yon rapò enjeniri, ki nesèsè nan pwosesis aplikasyon finansman EFC. EPG yo ede minisipalite yo fè avanse pwojè ki bon ak byen konsevwa nan nivo fiskal jiska konstriksyon.

Egzanp pwojè ki resevwa sibvansyon yo enkli:

- **Vilaj Depew nan Konte Erie (Lwès NY)** resevwa 100,000 dola pou etidye opsyon pou diminye antre ak enfiltrasyon, ak debòdman egou sanitè nan Sewershed No. 6.
- **Otorite Dlo ak Egou Konte Livingston (Finger Lakes)** resevwa 100,000 dola pou planifye amelyorasyon nan sistèm koleksyon ki redui antre ak enfiltrasyon nan zòn Lak Conesus la.
- **Vil Salina nan Kominote Onondaga (New York Santral)** resevwa de sibvansyon ki bay yon total 60,000 dola pou devlope etid sou antre ak enfiltrasyon egou sanitè Mattydale ak Lyncourt.

AKSÈ MINISIPAL POU FINANSMAN

Fon sibvansyon yo ka debouse bay benefisyè yo yon fwa gen kèk kondisyon ki satisfè, sa gen ladan egzekisyon yon akò sibvansyon ak apwobasyon Konsèy Direktè EFC a.

ANGAJMAN NEW YORK POU KALITE DLO

New York kontinye ogmante investisman nan pwojè enfrastrikti pou dlo pwòp. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Bidjè yo Adopte pou 2022-23 a otorize 1.2 milya dola siplemantè, pou yon total 4.2 milya dola, pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik istorik la. Inisyativ istorik sa a, ke elektè yo dwe pran pandan eleksyon jeneral aktyèl la, gen ladan finansman k ap modènize vye enfrastrikti dlo yo epi pwoteje kalite dlo; redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan envesti omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo.

Anplis de sa a, Bidjè a te gen ladan tou yon lòt 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo pwòp, k ap mete total investisman Eta a nan dlo pwòp nan 4.5 milya dola depi 2017. Li gen ladan tou 400 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) pou sipòte inisyativ pou diminyasyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo.

FÈ AVANSE JISTIS ANVIWÒNMANTAL NAN MOUNT VERNON

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, eta a te angaje yon [envestisman istorik 150 milyon dola](#) ak yon patenarya avèk Majistra Mount Vernon lan, Shawyn Patterson-Howard, ak Chèf Egzekitif Konte Westchester a, George Latimer, pou adrese defi enfrastrikti dlo ak defi sante piblik ki gen rapò ak li ki dire depi lontan ki deja ap ravaje vil la pandan plizyè deseni. Konsèy Vil Mount Vernon te apwouve 6 milyon dola nan kontra eta a finanse nan kad patenarya a, yon etap enpòtan kle pou pèmèt kòmanse reparasyon egou priyorite yo ak planifikasyon alontèm pou pwochen pwojè dlo ize alavni. Yo te bay yon lòt 3 milyon dola nan finansman federal pou ede rezidan Mount Vernon ke kriz egou ak enfrastrikti dlo nan vil la te afekte atravè [pwogram pilòt Kay Sen](#) Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a te anonse an jiyè. Rezidan ki enterese yo ka ale sou <https://stormrecovery.ny.gov/mountvernon> pou jwenn plis enfòmasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418